# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–17 दिसंबर 2025** **भोजपुरी समाचार**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु लखनऊ में आयोजित पी.ए.सी. स्थापना दिवस समारोह– दुई हजार पचीस में सामिल भइलें। उहां के कहलीं कि पीएसी बल कई गो संवदेनसील परिस्थितियन में अगिला मोरचा पर रहि के कार करत रहल हवे। पीएसी क संख्या, उनकर क्षमता, उनकर प्रसिक्षण अउर तकनीक के स्तर पर ओन्हे मजबूत बनवले क कार लगतारे चलत बा। मुख्यमंत्री कहलें कि पुलिस भरती में कम से कम बीस फीसदी भागीदारी मेहरारून क तय हो, एके ध्यिान में रख के पहली बेरि उत्तर प्रदेस में पीएसी क तीनि गो अतिरिक्त महिला वाहिनी क गठन कइल गइल हौ।

**आज मैं इस बात को कह सकता हूं कि उत्तर प्रदेश के अंदर जो आत्मविश्वास है, इस आत्मविश्वास के पीछे के प्रमुख कारणों में है कि प्रदेश में कानून का राज है। कानून का राज सुरक्षा के बेहतर माहौल में ही हम सुशासन की गारंटी दे सकते हैं। सुशासन में ही निवेश सुरक्षित हो सकता है और सुरक्षित निवेश ही हमारे युवाओं की आकांक्षाओं की पूर्ति का माध्यम बन सकता है और यही प्रदेश के विकास की और नये उत्तर प्रदेश का राज यहीं से प्रारंभ होता है।**

येह मौका पर मुख्यमंत्री परेड क अवलोकन कइलें। उहां के बढ़िया कार करे वाले जवानन अउर कंपनियन के सम्मानित कइलें। पीएसी के स्थापना दिवस के मौका पर एगो परदरसनियों लगावल गइल रहल। येह परदरसनियों के मुख्यमंत्री देखले।

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी पचीस दिसंबर के लखनऊ आ रहल हवें। उहां के भूतपूर्व प्रधानमंत्री भारत रत्न अटल बिहारी वाजपेयी के जयंती के मौका पर लखनऊ में बनल प्रेरणा स्थल क लोकारपण करिहें। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु राष्ट्रीय प्रेरणा स्थल पर लोकार्पण के तैयारियन क जायजा लिहलें।

**********

सड़क आ परिवहन मंत्री नितिन गडकरी कहलें हवें कि पारंपरिक टोल वसूली प्रणाली के जगहि पर अगिला साल के अंत ले पूरा देस में स्वचालित नंबर प्लेट पहचान प्रणाली लागू कई दिहल जाई। राज्यसभा में आजु प्रश्नकाल के दौरान श्री गडकरी कहलें कि येह प्रणाली के लागू भइले के बाद करीब एक हजार पांच सौ करोड़ रुपिया के ईंधन क बचत होई।

**********

रेल मंत्री अश्विनी वैष्णव कहले हवे कि भारतीय रेलवे दुई हजार किलोमिटर से जियादा रूट पर कवच सिस्टम चालू कई दिहले हवे। यात्रियन अउर ट्रेन संचालन क सुरक्षा बढ़ावे खातिर ऑटोमैटिक ट्रेन प्रोटेक्शन सिस्टम कवच सुरू कइल गइल हौ आजु लोकसभा में पूरक सवालन क जवाब देत श्री वैष्णव ई बात कहलें।

**********

माध्यमिक शिक्षा परिषद, उत्तर प्रदेस 12वीं क प्रयोगात्मक परीक्षा क कार्यक्रम जारी कई दिहले हवे। प्रयोगात्मक परीक्षा दुई फेरा में होई। पहिला फेरा के तहत चउबीस जनौरी दुइ हजार छब्बीस से एक फरौरी दुइ हजार छब्बीस ले दस मंडलन में परीक्षा होई। येह में आगरा, सहारनपुर, बरेली, लखनऊ, झांसी, चित्रकूट, अयोध्या, आजमगढ़, देवी पाटन अउर बस्ती मंडल सामिल हवे। दुसरका फेरा में दुई फरौरी दुइ हजार छब्बीस से नौ फरौरी दुइ हजार छब्बीस ले आठ मंडलन में प्रयोगात्म परीक्षा होई। येह फेरा में अलीगढ़, मेरठ, मुरादाबाद, कानपुर,प्रयागराज, मिर्जापुर,वाराणसी अउर गोरखपुर मंडल सामिल हवे। हाईस्कूल क प्रैक्टिकल परीक्षा पछिला साल के तरियन विद्यालय स्तर पर आंतरिक मूल्यांकन यानि प्रोजेक्ट कार के आधार पर संपन्न होई।

**********

केन्द्रीय कृषि आ ग्रामीण विकास मंत्री शिवराज सिंह चौहान काल्हि लोकसभा में विकसित भारत–रोजगार अउर आजीविका मिशन (ग्रामीण) विधेयक, दुई हजार पचीस पेस कइलें। एकरे बारे में जौनपुर के पूर्वांचल विश्वविद्यालय के अर्थशास्त्र क प्रोफेसर विवेक मिश्रा कहलें कि येह से गांवन में नया समृद्धि आई।

**भारत सरकार में पहले से चली आ रही रोजगार योजना जिसे हम मनरेगा के नाम से जानते हैं। उसमें कार्य दिवसों की संख्या, फोकस एरिया और फंडिंग के प्रोसीजर में बदलाव लाते हुए एक नया विधेयक विकसित भारत गांरटी फार रोजगार एण्ड आजीविका मिशन ग्रामीण के नाम से प्रस्तुत किया। यदि इस विधेयक के प्रावधानों को ध्यान से देखें तो हम पाते हैं कि न सिर्फ इस विधेयक के माध्यम से ग्रामीण क्षेत्र में प्रति परिवार अधिक श्रम दिवस का सृजन होगा। बल्कि साथ ही साथ ग्रामीण क्षेत्र में सम्पूर्ण आजीविका परिदृश्य में भी आमूल चूक सुधार हमको देखने को मिलेगा। इसके साथ ही साथ ये भी आशा कि जा सकती है कि ग्रामीण क्षेत्र में आवश्यकता आधारित अदभुत संरचना के विकास को गति मिलेगी।**

**********

भारत अउर दक्षिण अफ्रीका के बिच्चे चउथा टी–20 अंतर्राष्ट्रीय क्रिकेट मैच आजु लखनऊ के भारत रत्न अटल विहारी वाजपेयी इकाना स्टेडियम में संझा 7 बजे से खेलल जाई। पांच मैच के टी–20 श्रृंखला में भारत दुई–एक से आगे हौ। संयुक्त पुलिस आयुक्त कानून आ व्यवस्था बबलू कुमार बतवलें कि लखनऊ पुलिस कमिश्नरेट टी–20 मैच के दौरान भीड़ अउर वीआईपी आवाजाही के देखत बड़हन स्तर पर सुरक्षा अउर यातायात प्रबंधन योजना लागू कइले हवें।

**********